

Seex Muusaa Ka

Yaasin Jaal



DROUSS.ORG

Yaasin Jaal

Seex Muusaa Ka
(1891 - 1966)

© 1438 h / 2017 - www.drouss.org

Tous droits de reproduction réservés, sauf pour distribution gratuite sans rien modifier du texte.

Pour toutes questions, suggestions, ou erreurs, veuillez nous contacter par le biais de notre site internet :

www.drouss.org

Quelques indications

	Wolof	Français
e = é	per	pér
u = ou	rus	rous
c = th	caam	thiam
ñ = gn	ñam	gnam
x = kh	xol	khol
j = dj	jibi	djibi
nj = nd	njaay	ndiaye
nd = nd	nday	ndeye
ŋ	ŋaam	(machoire)
ë = eu	gëm =	geum
é = è (plus dur) = ré		perdu
òo = au	gòor	gaure
q = xx	suqali	soukh khali
ii - uu - oo - aa ee (tirer sur le son) ; Ex : biir - suur -xool - gaal - xeer		

Précisions

Les mots que nous avons colorés en rouge sont incertains. Nous ne les avons pas retrouvés dans les écrits (ancienne édition) que nous possédons ; aussi ni dans toutes les bandes sonores.

Bismi-l-Laahi-r- Rahmaani-r-Rahiimi

Ayaa Sóodaani jóg leen déglu Muusaa
Mu tagg fi **Mustafaa** ma ñu tuddé **Yaasin**

Gëjóon naa way ngireek ñiy sàcc i taalif
Ta seen baay sax ferul baa siin fa **Yaasin**

Subuuxun waay ! Xuduusun, réewi Sóodaan
Gumbay xélléer yi sax di palamtu **Yaasin**

Ngëlamtee bon nde kon jaahil du taalif
Ni xélléer war ta yab njàccaar fa **Yaasin**

Walaay ndaamaa ngi sóoru njalóor gu dangan
Xanaa da fa repp am da fa rééré **Yaasin**

Ku tëkkalé **Bàmba** ak sëriñam dafay nar
Nde gééj ga fa Ndar jisee su ko mbar fa **Yaasin**

Pajug aajoog muriid yuy daw araamul
Ku man na ko def sibéesu ko wóor na **Yaasin**

Ku xam bay way nga far way gën ji Yonen
Ndegam xam xam ba leer na ba sar ca **Yaasin**

Sëriñ Tuubaa ni man sa ma géer gi may way
Du déglu géwal bu xol ba tilim fa **Yaasin**

Sëriñ Tuubaa ne kuy taalif nga taalif
Ca sahaaba ya mbaa ca waliyyu yaak ca **Yaasin**

Ku way te wayoo ci Yonen mbaa ci waayam
Araf ya nga way da ngeen ko layoo fa **Yaasin**

Te Yonen daf ni waa ju ma tagg aw way
Ne warlul naa la Àjjana faww **Yaasin**

Li lee tax man ma dib géwalam ci baatin
Di way **Seex Bàmba** mbër mi fi wuutu **Yaasin**

Boroom taar boobu moo ma jaral di taalif
Di tuuru di tuuru ngir la mu donn **Yaasin**

Solaat na'ab robb wookaa laa ni Laamin⁽¹⁾
Layal naa **Bàmba** maa ngi layoo ci **Yaasin**

1 Laamin Géy : nekkoon wookaa (avocat) ca jamono jooja.

Ku lay jaay taar na sam xel dem ci Yonen
Ka taaru ba Yàlla yónni ko saaru **Yaasin**

Ku lay jaay taar na sam xel dem ci **Taahaa**
Wa **Taahiru** ak **Mutahharu** ñoo di **Yaasin**

Ku lay jaay taar na sam xel dem ci **Maahin**
Ka far bàkkaar ya kookalé moo di **Yaasin**

Ku lay jaay taar na sam xel dem ci **Haadii**
Ka gindi sa maam ya réeroon wan la **Yaasin**

Ku lay jaay taar na sam xel dem ci **Nuurun**
Siraaju-l-Laahi làmpub gaas ba **Yaasin**

Ku lay jaay taar na sam xel dem ci **Muxtaar**
Ka Yàlla ni **Mustafaa** ma ñu tann i **Yaasin**

Ku lay jaay taar na sam xel dem ci **Yaasin**
Imaamu-l-mursaliina ki lee di **Yaasin**

Muhammad mooy turam wa ñu sant i baayam
Wa **Ahmadu** mbaa te **Haamidu** mbaa te **Yaasin**

Te **Ahmadu** moo di **rahmatunaa** ci baatin
Te **Haamidu** moo di **nihmatunaa** fa **Yaasin**

Turam ya mu am da ñoo làmboo ci mahnaa
Limub xeetam wi ciy xéewal fa **Yaasin**

Turam yi le mat na ñaar téeméer wa ihdaa
Yéral ma **Dalaa'ilul Xayraati Yaasin**

Bariy tur daana tektale mbër ci mahnaa
Te mii mbër kenn téggaaliwu koo ti **Yaasin**

Te nak jinneek malaa'ika ñëpp a raamon
Ci Yawma Alastu jébbalu naa ko **Yaasin**

Juddóom ba rafet na koo kay gën ji Xaashim
Amul ci arab xurayshin xam na **Yaasin**

Di yaaram doomi yaaram doomi yaaram
Sëtub Makkaak Madiina du maasu **Yaasin**

Nde maamam yaak i doom ya sētu xurayshin
Ca taarab taar ba lañ taaroo ni **Yaasin**

Su ngeen dégloo ma lim tay maam i **Yaasin**
Te wax leen taar ba kenn du fi mel ni **Yaasin**

Muhammadu yaari **Abdullaahi haashim**
Wa **Abdu Manaaf** a doon limiyeer fa **Yaasin**

Da daa labbayka naa labbayka jahran
Ca ndigal maam ja ëskëy mooma **Yaasin**

Qusayyun ak **Kilaabun** yaari maamam
Wa **Murrata** seen i taar a nga mel ni **Yaasin**

Wa **Kahbun** ak **Luwayyun** tek ca **Xaalib**
Ña ngay taaroo ca taarub taar i **Yaasin**

Wa **Fihrun** tek ca **Maalik** tek ca **Nadrin**
Ña ngay saf i jànt ngir ceeñeer i **Yaasin**

Kinaanata ak **Xuzaymata** yaari maamam
Ñi lee diy weer ya daa werloo fa **Yaasin**

Wa **Mudrikatun** wa **Ilyaasun** wa **Madrin**
Ci seeni kanam la leer ga newoon di **Yaasin**

Nisaarun teg ca **Mahdin** góor gu sempal
Limal **Adnaan** fii la ñu yam fa **Yaasin**

Ñi lee yor càllalag limiyeeri baatin
Ya jàpp ca leeri Yonen moo di **Yaasin**

Cërub taaram ba moo leen sóor ba duñ moy
Banoo haashim shariif la ñu ngir ga **Yaasin**

Ma wax leen tay ni Yaasin mel ci zaahir
Ba tudd fi gën ji mbindéef tudd **Yaasin**

Sangub Yonen yi mooy **Yaasin** ci baatin
Cangam ga ca moom mbindéef du ko xam fa **Yaasin**

Wa innaka teg **ãlaa xuluqin haziimin**
La Yàlla waxon fa suuratu Nuun ca **Yaasin**

Walam taraqattu haynii misla **Yaasin**
Bi xalqin aw bi xulqin kenn du **Yaasin**

Jikkóom da fa yéemu, bind ba raw na am xel
Kamaalan aw jamaalan kenn du **Yaasin**

Laxad faaxa-l xalaa'iqa nihma xalqan
Wa xulqan **Mustafaa** ma ñu tudde **Yaasin**

Mbindam baa sell, cër yaa jot mu sempal
Boroom ba ko móol du cuune te kaare **Yaasin**

Tëggam ba ko móol kuloor ko sèlam ko moo aay
Tabaaraka fiihi kenn du fi mel ni **Yaasin**

Guddul ba ni séll waa ju ko séen ne céy kaa
Deful ab duuñ ba tax nga ne cam fa **Yaasin**

Rëyul ni fëtëx ni gaa ñiy dox di fàngat
Di fàng ba melni mbaami tugal fa **Yaasin**

Wowul ba ni kong te yaramam du laal weñ
Sewul ba ni làmbax aka jub ne **Yaasin**

Di saf kumba liiti sew ba ni ruuj ta sooful
Ñanant u xasab du mooy taxawaayu **Yaasin**

Ku langook moom mu sut la ca kaw nga dib duuñ
Ku topp ci moom mu raw la nga des fa **Yaasin**

Doxiin wa ñu def ci ramatu lay sukóotoo
Ta tempom ba la daa daagoo fa **Yaasin**

Loxoom yu salab yu sell ya Yàlla fuddan
Te waaraam yay nirook sooroor u **Yaasin**

Weham ya ni werr mel ni butoñ yu ñuy tëj
Tajoor⁽²⁾ ba ko poose moo mana ñaw fa **Yaasin**

Te Yonen dóoxulóon wañulwóon te sëggul
Farul xajagun mel ni ku noonu **Yaasin**

Wetam da fa jànde biiram sew mu xeereer
Lasul noojul leham ya ni làcc fa **Yaasin**

Diggam la ni xiit ndiggal tama lañ ko móolal
Te doq ga daf ni yollu ni bar fa **Yaasin**

Te xar kanamam ba day saf weeru badrin
Jëham ba wandeelu far di melax fa **Yaasin**

Bakkan ba ne fonn mel ni nataal ba Ndar wër
Tuñam ya di saf batonj yu ñu ferme **Yaasin**

2 tajoor : tailleur

Du tafli fi suuf du ñandu du génne aw ban
Te lum masa génne suuf ni tërëx fa **Yaasin**

Ñaqam waa dàq sikki te dàq ànbar
Te raw gaa foori bun bun jaa nga **Yaasin**

Loram yaa dàq suukar dàq ag lem
Ta neexe ni dax te weexe ni soow fa **Yaasin**

Gëñam ya di saf kayit gii ma yor di melxet
Wàllaay gàcceel na perkaal bee **Yaasin**

Bu mas naa kàng ree nga ni kong tey say
Su muuñaa muy melax di melax fa **Yaasin**

Ba sàkkalu Yàlla way samandaay palanteer
Te mel nig yuur ju taw ci galaas fa **Yaasin**

Njamal Yàllaam la andak jaamu Yàllaam
La **Yaasin** judduhaale du maasi **Yaasin**

Kawar ga ni laas ni sooy ba ma jis fa Bànjul
Di mel meli njañ la mel ni wurus fa **Yaasin**

Te faasam yaa nga mel ni wurus wu deewul
Di lér léri tey battarñiku kaari **Yaasin**

Lexam yu rattax yu mel ni ki feer yu ñuy diw
Te yéen ya ni lipp mel ni ki yoosa **Yaasin**

Gëtam yaa ngay wandeelu ilaa jixaatin
Ba mel ni ki móol dolaari wurus fa **Yaasin**

Bëtam ba di bàq per ya di saf nenab **baa**
Te moo gëna jis boroom limiyeer fa **Yaasin**

Di xool kanamam te gët ya di jis gannaawam
Amul tàkkndeer nde taar baay leer fa **Yaasin**

Su gët ya di gam-gameek a nelaw ci zaahir
Xolam ba di xoole kenn du fi mel ni **Yaasin**

Ca tusngali àjjanaam la ko **Yàlla** tusngal
Sëlam ko ca salsabiilan naa ko **Yaasin**

Te kersa ga daa na tax suy xool di lamsal
Da daa wax ndànk tay dox ndànk **Yaasin**

Barul te dërul nosul dotomul te taqul
Ta leebul làmmiñam da fa wér ni **Yaasin**

Cëram yaa jot te mbaggam yaa, ganaawam
Ñu tempe ca xaatimab Yonen fa **Yaasin**

Malaaka ya xar dënn ba yeti yoonam
Raxas ko mu set ñu duy koy leer fa **Yaasin**

La nekk ci Jaal jaral na ma dem Madiina
Wa Makkata Marwata aki Safaa fa **Yaasin**

Ku dem ba këram mu soppi la soppi saw tur
Ñu naa la **al haaji** ngay ku ñu baal fa **Yaasin**

Ka neexon tay ma am àngaari xaaalis
Nde kon mani meñj dem ba ziyaara **Yaasin**

Di gont a ka xëy di gont a ka xëy ba faf dee
Di dox ciy doj di xuus cim ndox ba **Yaasin**

Di rombiy gar di **nootiy ñas** ba Jidda
Di tànk di dox ba bufta ba wal fa **Yaasin**

Wàllaay milé Jaal jaral na ma war fafalnaaw
Woroom awiyonj ya sànni ma bomb **Yaasin**

Ma nuur ciy niir tawat ca di tawte ay at
Li nuuril **Mustafaa** ma ñu tuddé **Yaasin**

Ma tàbbi ci suuf ba taxta-s-saree ni **Yuunus**
Ngireek li ma xam ca moomale Jaal di **Yaasin**

Li nekk Jaal jaral na ma tay ma jaaloo
Di jaalook Jaal ba jeelu ci moom fa **Yaasin**

Kilee jar a way kilee jar a nax di neexal
Di jox libidoor ba deesu la dóor fa **Yaasin**

Kilee jar a woo di jox **piticeen** ba duuseen
Ba deesula ceen ba kenn di la séen fa **Yaasin**

Kilee ma jaral jihaari bakkan ba am kun
Ba wax ju ma wax di kun fayakuunu **Yaasin**

Kilee ma jaral jihaari fetal yu naa tēf
Ba raw Itileer ngireek wuti leer fa **Yaasin**

Kilee ma jaral ma faf àngaase ay at
Ba angale xar ma nib angaay fa **Yaasin**

Kilee ma jaral faseek Salmaa wa Laylaa
Wa Hindun ndax ma deñc fa am ca **Yaasin**

A Yaa Jaal Bombe, way na nu séy ta bomboo
Ma laal sa yaram wi ndax nga yëram ma **Yaasin**

A Yaa Jaal Bombe way sa bakkan gi muuñal
Te wan ma sa xar kanam te ree ma **Yaasin**

Da maa sob waaye jomb nga sax samay kem
Te waa ja xamul xamal ni xamul fa **Yaasin**

Ma jóg nu fasante wóllaré féek ba may dee
Na ngeen ma ko seere maa ngi ci Jaal fa **Yaasin**

Te Njàmme du waa ja naa fase naa la gontal
Ñëwal mbaa ma baxda zawji la léegi **Yaasin**

Te maa ngi ci yaw ba bañ may jaale yaw Jaal
Te soo ma jëlut kaneen du ma jël fa **Yaasin**

Ma dellu fi wax xibaar ya ma xam ci **Yaasin**
Maneefu la lim ngëneel ya ma jis fa **Yaasin**

Wàllaay sama bët jisul sama nopp déggul
Te xel mi dajul ku mel ni ki **Jaal** fa **Yaasin**

Amul ca malaaka sakkaa nit wa jinnin
Te baahima ak njanaaw du ñu mel ni **Yaasin**

Te laaj naa *Mulku* laaj *Malakuutu* turran
Ba laaj baxrul muxiiti ku mel ni **Yaasin**

Ñu naa ma amul ca gaa ya wéyóon ca baawon
Te ñiy bëgg a ñëw amul ci ku mel ni **Yaasin**

Ma laaj ko fa ardu shimshimatin ña dul dee
Ñu naa ma amul fii kenn ku fi mel ni **Yaasin**

Fullaam jaak faaydaam ja ma xam ci **Yaasin**
Jiseefuko woon ca **Aadama** maami **Yaasin**

Fitam waa ma xam du jàq du rët du saalit
Ku weddi nga laaj ko **Jibriil** xam na **Yaasin**

Ngoram gaak maandoom gaak bari bayre am jom
Yaroom gaak taar ba ñoo booloo fa **Yaasin**

Xelam maak xay ga sempale gaak na muy def
Salañ-salañam ja ak wajtaay wa **Yaasin**

Ku jooytu fi moom mu far rangooñ muy ree
Ku rafle mu wodd faj say aajo **Yaasin**

Te moo man u gan ganam du tawat du jàmbat
Ku teew mu teral, ku woote mu sédd **Yaasin**

Ku xaar mu xaral la xarbaax jox la say dab
Ku fuuyu ni guus di séddale mel ni **Yaasin**

Ku wopp mu faj, ku faatu mu yóbb **Tuubaa**
Musal ko ci naari rammu ñoñam fa **Yaasin**

Fa **Tuubaa** summa **Tuubaa** summa **Tuubaa**
Ñehal na ku sopp **Bàmba** te sopp **Yaasin**

Fa waylun summa waylun summa waylun
Ñehal na ku noonu **Bàmba** te noonu **Yaasin**

Su doon ab kursu man tek naa ci **Yaasin**
Përëmiyeer baa ngi maa nome **Jaal Yaasin**

Su defoon làmb yaw **Jaal Yaasin** yaa di saa mbër
Dabal dóor gaa ya bañ **Seex Bàmba Yaasin**

Su doon wote maa la jox sama karti xol bii
Nde yaw say kàndidaa ne na wiiw fa **Yaasin**

Te songal mbër ya jaggil daane joggil
Ñi fay kontar **Sëriñ Tuubaa** fa **Yaasin**

Su ngeen déglóo ma wax leen tey ci **Yaasin**
Lu ngeen xamulon xam xam yi yées na **Yaasin**

Térub taaram ba jaamu na taar ba ay at
Sirrub leeram ga jaamu na buur ba **Yaasin**

Waxoon naa leen ko dem leen seeti mawlid
Jamaalan min jamaalin leeri **Yaasin**

Nit ak jinnéek malaa'ika ñépp a daa daw
Di wër leeram ga ay ati at fa **Yaasin**

Nit ak jinnéek malaa'ika ñépp xoolon
Di taasu ca leer ga won ca azal ca **Yaasin**

Keroog la ñu jàpp morso ca taar ba xàllar
Tasaare ko tuur ko seddalé gaa yi **Yaasin**

Térub taaram ba lañ tuur uurul 'ayni
Ba tax du ñu faatu ngir taar bee fa **Yaasin**

Te jongoma yoo ya ñoo di woroom i tiitër
Ña ngay taaru ca àjjana daaru **Yaasin**

Te benn kawar ci ñoom bu rotoon ci dunyaa
Nga janoog leeri péeyi Aras ni **Yaasin**

Térub taarub jigéen ña di uurul 'aynin
La jongoma yii di taaroo wóor na **Yaasin**

Ci leerag **Jaal** la **Aadama** leere nuuran
Ba tax ibliisu noonu ko noonu **Yaasin**

Ma wax la na taar ba séddalikoo ca baawan
Ba tér ba royaat ca **Aadama** maami **Yaasin**

Sirub taaram la **Aadama** maam ja làmboo
Ba Yàlla ni **usjuduu** ngir leeri **Yaasin**

Térub taaram la àjjana sax di taaroo
Di taaloo làmbi kaasam bir na **Yaasin**

Térub taaram la **Ibrahiima** naanon
Diwoo ko ba gaa yi Namroos naa ko **Yaasin**

Sirub **Jaal Bombee** fay sawaraam wa **bardaa**
Ba dolli ca faf **salaaman** ker ga **Yaasin**

Térub taaram mellax na ca gaali **Nóohin**
Ca **Bismi-l-Laahi mujreehaa** ni **Yaasin**

Labal noonam ya ak doom jam ni **irkab**
Ku bañ Seex Bàmba doo war gaali **Yaasin**

Térub Taaram la **Muusaa** Njàmme⁽³⁾ sàngoo
Ba muy dem **Tuuri Siinaa** jis na **Yaasin**

Sirub taaram la xotti ci **baxru Qalsuum**
Labal *Fir'awna* tas *Qaaruuna* **Yaasin**

3 Ku tudd Muusaa la fiuy woowee Njàmme.

Térub taaram ca teex ba la Yàlla réexon
Ca kaw Àyyuuba ràgg ga wér fa **Yaasin**

Sirub taaram ba delloo taar boroomam
Ba **nihma-l-Abdu** feeñu ko ngir ga **Yaasin**

Térub taaram ca teex ba la tibt ratax
Mu dal **Daawuuda** baay i **Suley** fa **Yaasin**

Mu fab sirroom ba fent ca weñ gu ñuulam
Ba faf di **xaliifatan** ngir leeri **Yaasin**

Térub taaram ca teex ba la jox **Suleymaan**
Mu def kob jaaro ñaan **mulkan** fa **Yaasin**

Ci barkeb **Jaal** la jinné ya ak njanaaw yii
Di toppe **Suley** mu war ci ngelaw ni **Yaasin**

Térub taaram la maam **Yànqooba** tuufóo
Ba gët yi ne bàq daa na palamtu **Yaasin**

Térub taaram la **Yuusufa** doom ja sèlmóo
Fa *Jawharu Xusnihii* mooy taaru **Yaasin**

Sirub taaram ba moo lëjaloona **Zaliixaa**
Ba muy poñe **Yuusu** ngir njaloo fa **Yaasin**

Térub taaram la **Isma'iila** taaroo
Ba fawxa na doom i Taara ya ngir ga **Yaasin**

Sirub taaram ba wéll na maa'u **Zam-zam**
Keroog ba fa **Isma** juddóo ngir ga **Yaasin**

Térub taaram la roof **Isxaaqa** mbokkam
Ba Israa'iila far xeeb maami **Yaasin**

Térub zaahir sa lañ fab ndox ma tuur leen
Mu réylóo leen ba far na ñu noonu **Yaasin**

Térub taaram ca teex ba la sànni **Yuunus**
Ca **Batni-l-Xuuti** muy sàbbaale **Yaasin**

Ci barkeb **Jaal** la daa waxi **Laa Ilaaha**
Ci biir jënam wa **illaa Anta Yaasin**

Térab taaram la jox **Idriisa** waayam
Ba moo jëkk a bind jëkk a durus fa **Yaasin**

Ci barkeb **Jaal** la dëkk ba nax Boroomam
Ba dem **Firdawsi** faf ne fa kuus fa **Yaasin**

Térub taaram la jox **Luutan** mu ràngoo
Ba walbati suuf si **Kanxaanan** fa **Yaasin**

Ba **'Aaliyaxaa** di **saafilaxaa** ña ngay sér
Mu taw ay doj ci seen kaw ngir ga **Yaasin**

Térab taaram ca teex ba la sotti **iisaa**
Mu wéy asamaaw **rafaxnaahu** ni **Yaasin**

Wa maa qataluu wa maa salabuu wa laakin
La Yàlla waxoon ca iisaa ngir ga **Yaasin**

Sirub taaram la **Saalihi** dóor ci aw doj
Géléem ne ca téll génn di ñaax fa **Yaasin**

Quddaar a ko ray fa dam-dama neel **'aleyhim**
Musiiba du yem ci bopp boroom fa **Yaasin**

Sirub taaram la **Huudun** jàppe 'aadan
Alak gaayam ya folli xéram ya **Yaasin**

Ci barke Jaal la **Ilyaasaa** maasam
Wa **Zuu Kiflin** limal **Yasaxun** fa **Yaasin**

Ba **Aaruuna** a ki **Luqmaana** a ki dendam
La ñuy taaloo ba tàkkale wóor na **Yaasin**

Muneesul lim li mii Jaal Bombe taalal
Taxawlul Njàmme ! Xatmul way wi **Yaasin**

Jamiihu-r-Rusli wa-l-kurama jamiihan
Ña ngay taaloo ca leerug taali **Yaasin**

Wa **nuuru-s-shamsi** aw **qamarin** wa **najmi**
Ña ngay taaloo ca taarab leeri **Yaasin**

Te **Saxaaba** ya ak waliyyu ya mbaa te **xawsoom**
Wa **qutbu zamaan** ya ñoo di siboori **Yaasin**

Te **Maaliku** ak **Xaniifatu** mbaa te **Anbal**
Wa **Shaafihu** seen i ngiir a di leer fa **Yaasin**

Te ngir ya ca des xaroon na ko ñetti teemeer
Tegal sittiina dolli ca yett **Yaasin**

Woroom ngiir yaak ña topp ci ñoom ci baatin
Ku tàqle yaa ngi tebbi ci taali **Yaasin**

Te **Yaasin** nee xuusul ngiir ya turran
Waroo diiñat ku jëm si ci man ni **Yaasin**

Bu leen diiñat ku ngeen jis donte xaj ba
Ndegam da na baw ci ruuram tool i **Yaasin**

Lilee tax man ma faf def Tayba Tuubaa
Te Mbàkke di Màkka Bàmbaay moom a **Yaasin**

Jumma jilé faf di joojalé moo ma noppal
Sëriñ Tuubaay xaliifa ba donn **Yaasin**

Siyaara ji leen siyaara ji leen fa **Tuubaa**
Ku Yaasin raw na jàpp ci waay i **Yaasin**

Sirub taaram ba sar na ba jàll Taa'if
Muhammadu doomi Aminatan ni **Yaasin**

Muneeфу la wax lu lamb ci moom ci baatin
Xaliifa bu mat xaliifatu wóor na **Yaasin**

Wa salla-l-Laahu mah aalin wa saxbin
'Aleyhi ma faf taxawlu te sopp **Yaasin**

Àllaahumma salli alaa Sayyidinaa Muhammadin wa
sallim tasliiman.

© drouss.org – avril 2017
